



Nyakanga 2022

Kirundi

**Aho babiri canke batatu  
bakoraniye kw'izina ryanje, mba  
ndi hagati yab.**

**Kontakt:** Meinolf Wacker  
Kirchplatz 7  
59174 Kamen

Mobil.: +49-172-5638432  
Mail: [meinolf.wacker@go4peace.eu](mailto:meinolf.wacker@go4peace.eu)  
Homepage: [www.go4peace.eu](http://www.go4peace.eu)

(Luka 24,36)

---

**„ 1 + 1 = 3 “**

Bakunzi ba go4peace,

Erega Yezu we yashaka kugumana nabo – imyaka yose. Yari yiyumvisemwo ko atahari botakara. Ariko rero nk'uko bimeze ku bantu bose, na Yezu yabaye kuri iyi si igihe, hanyuma kirarangira. Yarapfuye. Yari yaje ava ku Mana – Yo isanzwe ari Rukundo, none yarahavuye asubira kuri Yo. Yaragiye, ariko kandi yagumye ngaho. Ico nico kinyegezwa yashaka ko abagenzi biwe botegera.

Ku mugoroba urongora ugupfa kwiwe, yari yeretse abigishwa biwe ico ari co urukundo nyakuri. Yari yabogeye ibirenge, ngo abahe akarorero k'urukundo rusukurira abandi. Yari yanabatumiriyeye gukurikiza ako karorero, mu migenderanire bafitaniye n'abandi. Muri ico gikorwa, niho hari hinyegeje urupfunguruzo rw'ikinyegezwa c'uko Imana ariho iri. Kuva iyo isi iva ikagera, aho abantu bakundana gurtyo, Yezu, We Rukundo, niho iba iri. Aba rero ariho ari, n'aho ataboneka, agatanga umuco utamanzuye, utari usanzwe uhari, akanyamuneza gahindura imitima be n'amahoro arama agashikana no mu buzima budahera. Aho hose abantu bakoranira bakagiriranira urukundo rw'ukuri rwitanga, - kw'izina ry'Imana - We ubwiwe aba ari hagati yabo. Bicika rero  $1 + 1 = 3$ . Wewe na jewe na We hagati yacu.

Toma niwe atuyagira ati : „umusi umwe nari mfise ikimbakiye ku mutima. Hari ivyo nari nononye, nca nisanga ndi inyakamwe. Burya amakosa yama agushira mu bunyakamwe. Vyarangoye kugira uwo nobibwira kuko vyansaba kumwizigira. Niho rero hazamwo icyumviro ko novyiganira umugenzi wanje kubera urukundo ndamufitiye. Nti reka ndamwereke n'uruhande rw'amagara make yanje. Niho rero namwendikira e-mail ndende, ndamwugururira umutima wanje. Hanyuma ndindirana amaganya inyishu ampa. Emwe ntiyatevye. Yaranyeretse ko antegera kandi ko ankunda. Araheza rero aranterefona. Twaravuganye umwanya muremure. Ariko n'ico nticahejeje ibibazo vyanje. Ariko data uko umunota wose wahera, nariyumvamwo akanyamuneza gakomeye be n'amahoro yuzuye. Narumva ko Yezu ariho ari. Naciye rero ntegera ko twari batatu : umugenzi wanje, jewe be na Yezu ataboneka : **1 + 1 = 3. „**

Kubwa go4peace,

Meinolf Wacker